दिन—रविवार दिनांक—09.03.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ संपादक— धर्मेन्द्र कुमार राय
अवधिः—05 मिनट टंकक— राहुल कुमार

---

नियुक्ति पत्र

बीपीएससीक दिस सँ आयोजित तेसर चरणक परीक्षा मे चयनित एकावन हजार तीन सय नवासी शिक्षक के लेल आइ पटनाक गांधी मैदान मे नियुक्ति पत्र वितरण समारोहक आयोजन कयल गेल। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार पटना सहित आठ जिलाक दस हजार सँ बेसी शिक्षक सभ के नियुक्ति पत्र वितरित कयलनि। शेष तीस जिलाक शिक्षक सभ के नियुक्ति पत्र संबंधित जिला मे वितरित कयल गेल। एहि अवसर पर अपन संबोधन मे मुख्यमंत्री नवनियुक्त शिक्षक लोकनि के बधाई दैत कहलनि जे एनडीए सरकार शिक्षाक क्षेत्र मे लगातार काज कऽ रहल अछि। ओ जनौलनि जे पहिल आ दोसर चरण के मिला कऽ एखन धरि दू लाख अड़सठि हजार पांच सय अड़तालीस शिक्षक सभक नियुक्ति कयल गेल अछि। ओ कहलनि जे एहि सँ छात्र—शिक्षक अनुपात मे प्रभावी सुधार देखबाक लेल भेटि रहल अछि।

नियुक्ति पत्र—02

मुख्यमंत्री कहलनि जे बीपीएससीक दिस सँ आयोजित परीक्षा मे चयनित बियालीस हजार एक सय अठारह हेडमास्टर सेहो पास भेलाह अछि। ओ जनौलनि जे चयनित हेडमास्टर के अगिला मास नियुक्ति पत्र देल जायत। नियुक्ति पत्र वितरण समारोह मे उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, विजय कुमार सिन्हा आओर संसदीय कार्य मंत्री विजय कुमार चौधरी सहित आन गणमान्य लोकनि उपस्थित छलाह।

प्रधानमंत्री— महिला आ बाल विकास मंत्री

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सोशल मीडिया पर महिला सभ के सशक्त बनेबा मे कृत्रिम बुद्धिमत्ता, ए.आईक भूमिका पर महिला आ बाल विकास राज्य मंत्री सावित्री ठाकुर द्वारा लिखल एक लेख साझा कयलनि। श्री मोदी कहलनि जे ए.आई महिला सभक लेल अत्यंत उपयोगी हेबाक संग—संग अनेक अवसर सेहो प्रदान कऽ रहल अछि। अपन लेख मे सुश्री ठाकुर जनौलनि जे

ए.आई अनगिनत संभावनाक संगहि महिला लोकनि के समाज मे निर्णायक भूमिका निमाहबा मे सेहो सक्षम बना रहल अछि।

स्वास्थ्य संस्थान

केन्द्रीय स्वास्थ्य आ परिवार कल्याण राज्य मंत्री अनुप्रिया पटेल कहलनि जे भारत सार्वेजनिक स्वास्थ्यक नव युग मे प्रवेश कऽ गेल अछि आ सरकार सार्वभौमिक स्वास्थ्य कवरेज के बढ़एबा पर ध्यान दऽ रहल अछि। आइ नव दिल्ली मे ओ जनौलनि जे देश मे मेडिकल कॉलेजक संख्या दू हजार चौदह मे तीन सय अस्सी सँ बढ़ि कऽ दू हजार चौबीस मे सात सय सत्तासी भऽ गेल अछि। श्रीमती पटेल कहलनि जे देश भरि मे एम्सक संख्या सेहो छओ सँ बढ़ि कऽ बाईस भऽ गेल अछि।

पर्यावरण बाघ अभ्यारण्य

केन्द्रीय पर्यावरण वन आ जलवायु परिवर्तन मंत्री भूपेन्द्र यादव मध्य प्रदेशक माधव राष्ट्री उद्यान के देशक अंठावनम बाघ अभ्यारण्य बनाओल जयबाक घोषणा कयलनि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री यादव जनौलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक नेतृत्व मे सरकार वनजीवक सुरक्षा आ पर्यावरण संरक्षणक लेल प्रतिबद्ध अछि।

नित्यानंद राय

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय गृहराज्य मंत्री नित्यानंद राय दावा कयलनि अछि जे विधानसभा चुनाव मे एकबेर फेर एनडीएक सरकार बनत। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत श्री राय कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के दूरदर्शी नेतृत्व आ नीतीश कुमार के सुशासन मे बिहारक जनता के पूरा विश्वास अछि।

शाहनवाज हुसैन

भाजपाक राष्ट्रीय प्रवक्ता आ पूर्व केन्द्रीय मंत्री शाहनवाज हुसैन कहलनि जे केन्द्रीय बजट मे बिहारक चतुर्दिक विकासक लेल हर क्षेत्र के पैघ राशिक आवंटन कयल गेल अछि। श्री हुसैन आइ भागलपुर मे भाजपाक दिस सँ आयोजित प्रेसवार्ता मे जनौलनि जे एहि बेरक केन्द्रीय बजट सँ बिहार विकासक नव पैमाना तय करत।

तेजस्वी

राष्ट्रीय जनता दलक नेता तेजस्वी प्रसाद यादव आइ कहलनि जे राज्यक एनडीए सरकार जाति आधारित सर्वेक अंतर्गत एससी,एसटी आ पिछड़ा वर्ग के सरकारी नोकरी आ शैक्षणिक संस्थान सभ मे आरक्षण देबा मे विफल सिद्ध भऽ रहल अछि। श्री यादव आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे कहलनि जे पार्टी एहि वर्ग सभ के आरक्षण दियेबाक लेल संसद सँ सुप्रीम कोर्ट धरि संघर्ष कऽ रहल अछि। ओतहि, भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जासवाल तेजस्वी यादव पर पलटवार करैत कहलनि जे एससी, एसटी आ पिछड़ा वर्ग के नीतीश कुमारक कार्यकालहिं मे आरक्षण देल गेल अछि।

आईसीसी–चैंपियंस ट्रॉफी

आईसीसी चैंपियंस ट्रॉफी क्रिकेट टूर्नामेंटक फाइनल मे आइ दुबई मे भारतक सामना न्यूजीलैंड सँ भऽ रहल अछि। न्यूजीलैंड टॉस जीतकऽ पहिने बैटिंग करैत पचास ओवर मे दू सय एकावन रन बनौलक अछि। भारतक दिस सँ वरूण चक्रवर्ती आ कुलदीप यादव दू–दू विकेट लेलनि।